ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№19 (21.677) ● 2010 гъэм мазаем (февралым) и 5, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Арэшыкъуэ Р. Т. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и энергетик» цIэ лъапIэр фIэщыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Энергетикэм и IэнатIэм щиIэ фIыщIэм папщIэ икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыдэлэжьэнымкIэ куэд зэрызэфIигъэкIам къыхэкIыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и энергетик» цIэ лъапIэр фIэщын **Арэшыкъуэ Рауль Тыркубий и къуэм** - «Ставропольрегионгаз» акционер обществэ зэIухамрэ «Ставрополькрайгаз» акционер обществэ зэIухамрэ я генеральнэ директорым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм щIышылэм и 18-м
№3-УП

Мыртыненкэ Е. В. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Республикэм щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкIэ и лэжьакIуэхэр гъэхьэзырыным езым и щхьэмкIэ къаруушхуэ зэрырихьэлIам икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын **Мартыненкэ Еленэ Виктор и пхъум** - «Лъэпкъ зэныбжьэгъугъэм и Урысей университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт къэрал еджапIэм жылагъуэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и проректорым, журналистикэм и теориемрэ тхыдэмкIэ кафедрэм и унафэщIым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм щIышылэм и 29-м
№4-УП

ШэджыхьэщIэ Хь. Ку. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэрал властым и органхэм илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрыщылажьэм икIи ехъулIэныгъэхэр зэриIэм папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын **ШэджыхьэщIэ Хьэсэн Кушбий и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымрэ щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ и министрым и къуэдзэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымрэ щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ и министерствэм къэрал къэпщытэныгъэмрэ экологие шынагъуэншагъэмкIэ и департаментым и унафэщIым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм мазаем и 1-м
№5-УП

2009 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуауэ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым хэт Чеченов Хъу. Дж. къыхилъхьа информацэм и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

2009 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуауэ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым хэт **Чеченов Хъу**. **Дж**. къыхилъхьа информацэр къэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2010 гъэм щIышылэм и 29-м
№246-П-П

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Къэзыпщытэ совет къызэрагъэпэщ

КъБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советымрэ КъБР-м Терророрым пэщIэтынымкIэ и щIыналъэ комиссэмрэ я зэIущIэ иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен.

АБЫ ЩЫХЭПЛЪАЩ Къэбэрдей-Балъкъэрым терроризмэм пыщIауэ къыщыхъункIэ хъуну шынагъуэхэм, ахэр и зэманым сэтей къэщIыным, терроризмэр къэхъеиным лъабжьэ хуэхъу щхьэусыгъуэхэм япыщIа Iуэхухэм. Апхуэдэу зэIущIэм щытепсэлъыхьащ 2010 - 2011 гъэхэм терроризмэм пэщIэтыным и лъэныкъуэкIэ информацэм и зэфIэкIхэр къэгъэсэбэпыным хуэунэтIауэ лэжьыпхъэхэм я планым и проектым.

КъБР-м щыIэ хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ гъэзэщIакIуэ властым и органхэмрэ я унафэщIхэм хуагъэуващ терроризмэм нэхъ тегушхуауэ пэщIэтыну, IуэхущIапIэхэмрэ ухуэныгъэхэмрэ терроризмэм и шынагъуэ къатемыгъэхьэнымкIэ зыхуэфащэ псори зэфIагъэкIыну. ЩIыпIэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэм я пщэ иралъхьащ терророрым пэщIэтынымкIэ муниципальнэ комиссэхэм я зэфIэкIыр къаIэтыну.

Терроризмэм зыкъемыгъэIэтыным хуэгъэза информацэ политикэ зэхэлъхьэным елэжьын папщIэ къызэрагъэпэща къэзыпщытэ советым хагъэхьащ щэнхабзэм, гъуазджэм, гуманитар щIэныгъэхэм япыщIа IэщIагъэлI нэхъ IэкIуэлъакIуэхэр, дин лэжьакIуэхэм ящыщу нэхъ пщIэшхуэ зиIэхэр.

КОНАКОВ Хьэсэн,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ.

Къалэнхэр щагъэнаIуэ

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыпIэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэм я зэIущIэ дыгъуасэ иригъэкIуэкIащ. Абы щызэпкърахащ 2008-2009 гъэхэм социальнэ, экономикэ зыужьыныгъэ я лъэныкъуэкIэ Прохладнэ куейм щызэфIэгъэкIа хъуахэр, апхуэдэу мы илъэсым къапэщыт къалэнхэр щагъэбелджылащ.

- ИУЖЬРЕЙ илъэси 2-3-м районым зэпIэзэрыту зеужь. Ар щынэрылъагъущ экономикэм и IэнатIэхэми, инвестицэ Iуэхухэр зэрыпхагъэкI щIыкIэми, - къыхигъэщащ Къанокъуэ Арсен зэIущIэр къыщызэIуихым. - Финанс кризисым къиша гугъуехьхэм щхьэкIэ къэмынэу, продукцэу къыщIагъэкIым, Iуэхутхьэбзэу ящIэм процентти 6-м щIигъукIэ, мэкъумэшхэкIыу къалэжьым процентти 8,6-кIэ хагъэхъуащ. Социальнэ къалэнхэр тэмэму ягъэзащIэ, щIэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, спортымрэ щэнхабзэмрэ я IуэхущIапIэхэм я мылъку-техникэ лъабжьэр егъэфIэкIуэным гулъытэ хэха хуащI. Прохладнэ районым щыпхагъэкI куейм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ инвестицэ проект инхэр, а Iуэхум тегушхуауэ зрагъэубгъу зэпытщ.

ИужькIэ куей администрацэм и Iэтащхьэ **Гертер Иван** зэхыхьэм къыщыхалъхьа Iуэхугъуэр и отчет докладым щызэпкърихащ.

Зэхуэсахэм къыхагъэщащ куейм лэжьыгъэ хъарзынэ зэрыщекIуэкIыр икIи абы и унафэщIым жиIахэм арэзы техъуащ.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ **Чеченов Ануар**, республикэм и Президентым и Администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Жамборэ Владимир**, Къэбэрдей-Балъкъэрымкiэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Вербицкий Алексей**, Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэхэу **Тхьэзэплъыж Мурат**, **ДыщэкI Мадинэ**, министрхэр, къэрал комитетхэм я нэхъыжьхэр, ирагъэблэгъа къулыкъущIэхэр.

АРУАН Алий.

●Хъыбар гуапэ

Кавказ Ищхъэрэм и хъугъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэ

Мазаем и 1-м къыдэкIа «Известия» газетым плъыфэ куэду зэхэт и напэкIуэцIи 8 Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм триухуащ.

ФЕДЕРАЛЬНЭ газет нэхъыщхьэхэм ящыщ зым апхуэдиз гулъытэ къыщIытхуищIар гурыIуэгъуэщ - Урысей Федерацэм и щIыналъэ нэхъ дахэ дыдэхэм, хабзэрэ зэхэтыкIэ екIукIэ бейхэм я деж ди республикэм пашэныгъэр щиIыгъщ.

«ФIыуэ узолъагъу, Урысей!» псалъащхьэм щIэт «Известия»-м и зи чэзу гъуэгугъэлъагъуэ къыдэкIыгъуэр къызэIуех Къэбэрдей-Балъкъэрыр щIэджыкIакIуэхэм къезыгъэцIыху тхыгъэмкIэ. АдэкIэ къыхегъэщхьэхукI ди республикэр щIызэбгъэлъагъун хуейм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэу 10.

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен мы къыдэкIыгъуэм папщIэ игъэхьэзыра тхыгъэм дыкъыщоджэ: «Ныбжьэгъу лъапIэхэ! Сэ хуабжьу си гуапэщ си Хэку Къэбэрдей-Балъкъэрыр «Известия» урысейпсо газетым и напэкIуэцIхэм щызгъэлъэгъуэну Iэмал къызэрысхукъуэкIар. Урысеймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрыммрэ щыпсэу лъэпкъхэр ижьижьыж лъандэрэ зэныбжьэгъугъэ быдэм зэпещIэ. ЕпщыкIуханэ лIэщIыгъуэм ди адэжьхэм зэращIылIа зэгурыIуэныгъэр зэманым ипсыхьащ икIи игъэлъэщащ… Дэ дыщогугъ илъэс къэс ди деж зыплъыхьакIуэ къакIуэхэм я бжыгъэм хэхъуэну, ди лъэпкъхэм я хабзэ Iущхэмрэ нобэрей Iэмалхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэхъри удэзыхьэх зэращIыр езым я нэкIэ ялъагъун хуэдэу».

Ди республикэм теухуауэ «Известия»-м и къыдэкIыгъуэ хэхам зыубгъуауэ щытопсэлъыхь мы щIыпIэм и цIэр езыта адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я къекIуэкIыкIам, нобэ я Iуэху зытетым. Дауи, напэкIуэцIхэм увыпIэшхуэ щаубыд Кавказым и мызакъуэу, дуней псом я хъугъуэфIыгъуэу къалъытэ Европэм и бгы нэхъ лъагэ дыдэ Iуащхьэмахуэ, зылъэгъуа, зи хъыбар зэхэзыха псоми яфIэтелъыджэ, лъащIэншэу къалъытэ Гуэл ЩхъуантIэм, дахагъкIэ зыхуэбгъадэ хъун щымыIэ Шэджэм псыкъелъэхэм, узыншагъэмрэ гъащIэ кIыхьымрэ я хъумакIуэ псы хъущхъуэхэм, зыгъэпсэхупIэхэм, санаторэхэм ятеухуа тхыгъэ хьэлэмэтхэм.

ХьэрычэтыщIэхэр трегъэгушхуэ «Инвестреспублика» статьям. Ди щIым хъерышхуэ къызэрыпыкIым, Iэщхэмрэ жыг хадэхэмрэ псынщIэу зэрызаужьым, цIыхухэр зэрылэжьакIуэшхуэм абы щытопсэлъыхь икIи Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм зи мылъку хэзылъхьэхэм ар зэрахуэбгъуэнур хьэкъ ящещI. А Iуэхугъуэм республикэм и унафэщIхэм гулъытэ хэха зэрыщыхуащIыр тхыгъэр зи къалэмыпэм къыщIэкIам IупщIу къыхегъэщ.

ЩэкIуэн зыфIэфIхэри гулъытэншэу къагъэнакъым. Мэз бжэнхэр, щыхьхэр, кхъуэпIащэхэр, мыщэхэр, нэгъуэщI хьэкIэкхъуэкIэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щымащIэкъым. Хабзэм тету абыхэм уещэкIуэн папщIэ Iэмал хъарзынэхэр зэрыщыIэмкIэ зыфIэхьэлэмэтхэм хъыбар ирагъащIэ.

КъБР-м теухуауэ «Известия» газетым къыдигъэкIа гъуэгугъэлъагъуэм зыщагъэгъуэза иужькIэ ди щIыналъэр «щIыпIэ пщтыру», абы уихьэнкIэ дзыхьщIыгъуэджэу къызыщыхъу языныкъуэ урысей щIэджыкIакIуэхэм мащIэу нэхъ мыхъуми я нэр къэплъэжыну, адрейхэр нэхъ тегушхуауэ къытхыхьэну дыщыгугъынщ. Хэти ещIэ дэ хьэщIэм ди гуи, ди пси сыт щыгъуи зэрыхузэIухар.

ХЬЭТАУ Ислъам.

●КъБР-м и Парламентым

Депутатхэм Шэрэдж куейм щыпащэ

Хабзэ хъуауэ, республикэм и парламентархэм районхэр лэжьыгъэ IуэхукIэ къызэрызэхакIухьым пащащ. Абыхэм я иужьрей зэIущIэр Шэрэдж муниципальнэ районым щригъэкIуэкIащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Чеченов Ануар. Депутатхэм къадэкIуэу абы кърихьэлIащ республикэм и министерствэ зыбжанэм я лIыкIуэхэр, Шэрэдж муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр, къуажэ жылагъуэхэм я Iэтащхьэхэр.

КЪЫЗЭХУЭСАХЭМ я пащхьэм къыщыщыпсалъэм Чеченов Ануар зэрыжиIамкIэ, зэIущIэр нэхъыбэу зытеухуар КъБР-м и Президентым иригъэкIуэкI политикэмрэ абы и стратегиемрэ районым и унафэщIхэм, лэжьакIуэ пашэхэм ягурыгъэIуэнырщ, мы щIыпIэм щыIэ гугъуехьхэр наIуэ къэщIынымрэ ахэр дэгъэкIыным хуэгъэза закон лъабжьэхэр зэрегъэфIэкIуапхъэмрэ зэIухауэ тепсэлъыхьынымрэщ, КъБР-м и Парламентым и депутатхэр районым, абы хиубыдэ жылагъуэхэм я унафэщIхэмрэ лэжьакIуэхэмрэ зэрапыщIар гъэбыдэнырщ.

Къызэхуэсахэм я пащхьэ доклад щищIащ район администрацэм и Iэтащхьэ Темиржанов Махъты. Абы къыхигъэщащ районым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм пыщIа къалэн нэхъыщхьэхэр зэрыдагъэкIыр иужьрей илъэсым нэрылъагъуу зэрефIэкIуар. 2006 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм КъБР-м и Президентыр лэжьыгъэ IуэхукIэ районым щыщыIам щыгъуэ яхуигъэувауэ щыта пщэрылъ 88-м щыщу нобэм ирихьэлIэу 71-р нэсу ягъэзэщIащ.

Псэуныгъэм пыщIа предприятэхэмрэ организацэхэмрэ 2009 гъэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм и Iыхьэ нэхъыщхьэу щытащ бжыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зыхуэгъэхьэзырыныр. А Iуэхум ахэр зэрегугъуар нэрылъагъу къищIащ иужьрей зэманым къеса уэсышхуэм егъэлеяуэ зэранигъэшхуэ къызэримыхьам. Зыхуэфащэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм щIыпIэ щхьэхуэхэм щызэпыча электролинэхэр псынщIэу зэрагъэпэщыжащ. Абы къыщымынэу, районым и энергетикхэр щылэжьащ Аруан, Дзэлыкъуэ районхэм, Налшык къалэм.

Доклад зыщIам къигъэлъэгъуащ иджыпсту мы щIыналъэм щыIэ гугъуехьхэри. Нэгъабэ республикэ бюджетым къыхэкIыу районым къыIэрыхьэн хуея сом мелуани 107,8-м и пIэкIэ дотацэу къыхуаутIыпщар сом мелуан 89,3-рэщ. Абы къыхэкIыу егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, узыншагъэр хъумэным я IэнатIэхэм яхуэфащэн ахъшэ иратыфакъым. Абы и мызакъуэу, районым школыщIэ, сымаджэщ, узыншагъэр щрагъэфIакIуэ щэнхабзэ комплекс щащIын хуейщ. Тэмэму къэплъытэ хъунукъым налогхэр къыхэхынымкIэ планыр зэрагъэуври. Ар зытращIыхьыр ипэжыпIэкIэ налог къэзытыфыну щыIэхэркъым, атIэ блэкIа лъэхъэнэм къыхахауэ щыта ахъшэр зыхуэдизырщ.

Гугъуехь нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ «Урысей Федерацэм щIыпIэ самоуправленэ къыщызэгъэпэщыныкIэ псоми яхуэгъэза хабзэ нэхъыщхьэхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ закон №131-ФЗ-м ипкъ иткIэ кърата полномочиехэр гъэзэщIэным текIуэдэну ахъшэ щIыпIэ самоуправленэм зэримыIэр. УФ-м и Конституцэм къыщыгъэлъэгъуащ хэщIхэм я лъэныкъуэкIэ щIыпIэ самоуправленэм зыхуэфащэ унафэхэр езым къызэрищтэр, ауэ къэпщытакIуэ органхэм апхуэдэ полномочиехэр къызэралъытэр дэ Iэмал имыIэу зэфIэдгъэкIын хуей къалэнущ, абы папщIэ ахъшэ димыIэ пэтми», - жиIащ Темиржанов Махъты. Прокуратурэм къиIэтурэ судхэр нобэм ирихьэлIэу хэплъащ администрацэм «и къалэнхэр зэримыгъэзащIэм» теухуа Iуэхуу плIым.

КъБР-м и Парламентым и комитетхэм я унафэщIхэмрэ министерствэхэм я лIыкIуэхэмрэ жэуапхэр иратащ зэIущIэм щIэсахэр зыщIэупщIахэм. Хэку зауэшхуэм хэтахэр, абы ныкъуэдыкъуэ щыхъуахэр, апхуэдэ гупхэм хиубыдэ адрей цIыхухэр субсидиехэмрэ зэ тыгъуэу зэрызыщIагъакъуэ ахъшэмрэ къыIахын папщIэ учетым зэрагъэув щIыкIэм и гугъу щищIым, КъБР-м и Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщI Жанатаев Салим къыхигъэщащ апхуэдэ цIыхухэм ящыщу псэупIэкIэ щIыпIэ самоуправленэм и органхэм ягъэува мардэхэм къимыкIхэр ятхын икIи абыхэм ядэIэпыкъун зэрыхуейр. КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къуэдзэ Удаловэ Ольгэ тепсэлъыхьащ район сымаджэщхэм яIэ гъуэлъыпIэ бжыгъэр щIагъэмащIэм и щхьэусыгъуэм. Абы зэрыжиIамкIэ, республикэм мы зэманым щагъэтэмэм стационар IуэхущIапIэхэм щыIэ гъуэлъыпIэ бжыгъэр зыхуэдизу щытын хуейр, ауэ мы Iуэхум пыщIауэ къэхъу гугъуехьхэм зэщIыгъуу ухэплъэнри лей хъунукъым.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

●Алыдж-урым бэнэкIэ

Лъэщым я лъэщыж Хъущт Аслъэнбэч

УРЫСЕЙМ, Къэбэрдей-Балъкъэрым я пщIэр аргуэру дуней псом щиIэтащ алыдж-урым бэнэкIэмкIэ УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, Олимп чемпион, 2008 гъэм дунейпсо Кубокыр къэзыхьа Хъущт Аслъэнбэч. Вехби Эмре и турниру Тыркум щызэхэтам ди лъахэгъум къытекIуэн и хьэрхуэрэгъухэм къащыхэкIакъым.

КIэух зэпеуэм Аслъэнбэч щыхигъэщIащ тырку бэнакIуэ цIэрыIуэ Илдем Дженк. Ди лъахэгъум аргуэру дуней псом наIуэ ящищIащ килограмм 96-рэ зи хьэлъагъхэм я деж щыбанэ спортсменхэм езым нэхърэ нэхъ лъэщ зэрахэмытыр.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

КЪЭМБЭЧОКЪУЭ Албэч.

Дунейм щыхъыбархэр

Уэсым зэтрегъэувыIэ

Уэсым и зэранкIэ Европэм и автотранспортыр зэтеувыIащ. Германием и гъуэгу нэхъыщхьэхэм ящыщ зым щызэтрихьа автомашинэхэр километр 40-м и кIыхьагъкIэ зэхэтщ.

И пIэ имыкIыф автомобилхэр пIалъэ кIэщIым къриубыдэу уэс къесым щIегъанэри, белкIэ къыщIагъэщыжын хуей мэхъу. Даниемрэ Швециемрэ цIыхухэр къыщезышэкI транспорти еджапIэхэри щылажьэркъым, жыышхуэ къопщэри, мафIэгухэр зэрагъакIуэркъым. Польшэми щызекIуэжкъым автобусхэр. Австрием и бгыщхьэхэм уэсукхъуэ къыщехынкIэ шынагъуэшхуэ щыIэщи, туристхэр унэм къыщIагъэкIкъым. Балтикэ тенджызым щытыкIэ гугъу къыщихутащ Хидендзе хытIыгум щыIэхэр: тенджызыр щтащи, цIыху мин зыбжанэм кIуапIэ яIэжкъым. ЕрыскъыхэкIрэ псырэ абыхэм вертолеткIэ хуашэ. Ахэр я щIыпIэм къызэрырагъэIэпхъукIынум и унафэ ящI.

А гугъуехь псоми пэщIэт Европэр зыгъэгуфIэн синоптикхэм жаIэркъым - дунейм и щытыкIэр екIэкIуэну къагъэлъагъуэ.

Хэт жэуап зыхьынур?

Дагъыстаным «Махъэчкъалэ - Москва» рейсыр зыгъэзащIэ «Наплан» автобусыр хьэлъэзешэ «КАМаз» автомашинэм щыжьэхэуащ.

ЦIыхуих хэкIуэдащ, 11-р хьэлъэу сымаджэщым яшащ. Зэрыхуагъэфащэмкiэ, къуаншэр автобусым дэсаращ.

Дагъыстаным и прокуратурэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ, 264-нэ статьям ипкъ иткIэ, къэхъуар зэхигъэкIыну. Ауэ гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэхэр къызэпызыудар хэтми зэхагъэкIыжкIэ мыхьэнэшхуэ иIэжкъым, - зэжьэхэуа транспортхэм я водителитIри хэкIуэдащи, жэуап зыхьын щыIэжкъым.

НОБЭ

♦ **Урысей Федерацэм къэрал щIыб IуэхухэмкIэ и министерствэм щагъэлъапIэ зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда дипломат-курьерхэм я фэеплъ махуэр.** 1926 гъэм мазаем и 5-м, дипломат пощт ягъэIэпхъуэу, мафIэгукIэ гъуэгу здытетым, яукIауэ щытащ Совет Урысейм и дипкурьерхэу Нетте Теодоррэ Махмасталь Иоганнрэ.

♦ Мазаем и 5-7-хэм Мюнхен (Германие) щызэхэтынущ шынагъуэншагъэмкIэ политикэм пыщIа Iуэхухэм щыхэплъэну 46-нэ дунейпсо зэIущIэшхуэ. Ар гъэ къэс йокIуэкI. Абы кърохьэлIэ НАТО-м хэт къэралхэм зыхъумэжыныгъэмкIэ, къэрал щIыб IуэхухэмкIэ я министрхэр, Урысейм и лIыкIуэхэр, Европэм, Азием, Америкэм я политикхэр.

♦ Мазаем и 5-6-хэм Икалуитэ (Канадэ) щызэIущIэнущ «Еянэ гуп» зэгухьэныгъэм хэт къэралхэм финансхэмкIэ я министрхэмрэ банк нэхъыщхьэхэм я унафэщIхэмрэ.

♦1927 гъэм къалъхуащ Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист, Ленин орденыр зыхуагъэфэща, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и лэжьакIуэу щыта **Токъуий Хъусен.** 2005 гъэм дунейм ехыжащ.

♦ **Дыгъэр къыщIэкIащ сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 17-м, къухьэжынущ сыхьэт 17-рэ дакъикъэ 22-м.**

♦ **Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 10-рэ дакъикъи 5-рэ.**

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар **ГЪУЩIО Зарифщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Дыгъуэжьрэ пэт и гъунэгъу едыгъуэжкъым.

«Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

ГъатхэпэмI и 1-м щыщIэдзауэ ди газетыр къыфIэрыхьэну фыхуеймэ, мазаем и 25-рэ хъуху Iэ тевдзэ зэрыхъунур фигу къыдогъэкIыж.

МазиплIым ди газетым и уасэщ сом 237-рэ кIэпIейкIэ 40-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт IуэхущIапIэ псоми.

Ди индексыр 51531

УФ-м и Президентыр Бэгъэпщ Сергей хуэзэнущ

АБХЪАЗ. ***Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий мазаем зэIущIэ зыбжанэ иригъэкIуэкIынущ. Къэрал УнафэщIыр зыхуэзэнухэм ящыщщ Абхъазым и УнафэщI Бэгъэпщ Сергей.***

Урысей Федерацэм и Президентым и дэIэпыкъуэгъу Приходькэ Сергей и псалъэхэм тепщIыхьмэ, лIыщхьэхэр зэрызэIущIэнур урысей лъэныкъуэм еубзыху. Абы къызэрыхигъэщамкIэ, Бэгъэпщ Сергей и инаугурацэ мазаем и 12-м зэхэтынур зэфIэкIа нэужь, ар къэрал IуэхукIэ япэу здеблэгъэнур Урысейрщ.

МазищкIэ екIуэкIыну псапащIэ Iуэху

АДЫГЕЙ. ***Мазаем и 4-м, лыжх узыфэм ебэныным и Дунейпсо махуэм, Адыгейм щыщIидзащ апхуэдэ узыфэр къызэпыудыным, гъащIэ узыншэр пхыгъэкIыным теухуа лэжьыгъэм. Жэрдэмыр къыбгъэдэкIащ Адыгейм и Республикэ сымаджэщым и онкологие диспансерым.***

НЭГЪАБЭ а узыфэм республикэм и цIыху 739-м я гъащIэр ихьащ. Абыхэми ящыщу 238-м я ныбжьыр илъэс 60-м нэсатэкъым.

- Лыжх узыфэм ебэныным и дунейпсо махуэр мы гъэм хуэгъэзащ ныбжьыщIэхэр тутыным демыгъэхьэхыным икIи «Си сабиигъуэр тутын Iугъуэм зэрыпэIэщIэр сигу ирохь» къыхуеджэныгъэм щIэту екIуэкIынущ, - жиIащ диспансерым и дохутыр нэхъыщхьэ Бэрэтэр Сэфарбий.

Зи гугъу тщIа Iуэхугъуэр Адыгейм и куей псоми мазищкIэ щекIуэкIынущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Депутатхэм Шэрэдж куейм щыпащэ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

КъБР-м и Парламентым и УнафэщІыр кІэщІу тепсэлъыхьащ республикэм игъуэт социально-экономикэ зыужьыныгъэм. Ди экономикэм кризисым и жьыр къыщІихуа пэтми, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм инвестицэ проектхэр щагъэзащІэ, лэжьапІэщІэхэр къыщызэІуах. Иужь зэманым лажьэу яутІыпщащ щыгъын зэІущахэр щагъэхьэзыру Налшык дащІыхьа фабрикэр, абджхэкІхэр къыщІэзыгъэкІ, фэм елэжь заводхэр (Шэджэм къалэ), иджырей жыг хадэхэм папщІэ бетон пкъохэр зыгъэхьэзырыну ІуэхущІапІэ (Бахъсэн район). Медицинэ ІэмэпсымэхэмрэхущхъуэхэмрэщащІ предприятэхэр т ехникэщІэкІэ къызэрагъэпэщ. Кризисым республикэр егугъуу зэрыпэщІэтым и фІыщІэкІэ лэжьапІэншэхэм я бжыгъэр цІыху мин 19-м нэсу ягъэмэщІэфыну щогугъ (цІыхухэр лэжьапІэкІэ къызэзыгъэпэщ органхэм 2008 гъэм лэжьапІэншэу ятхауэ щытащ цІыху мин 29,6-рэ). Иджыпсту ипэжыпІэкІэ республикэм лэжьапщІэмкІэ щІыхуэ зытелъ щыІэжкъым.

Чеченов Ануар къыхигъэщхьэхукІащ республикэм апхуэдэ щытыкІэ тэмэм зэрыщызэтеувам Шэрэдж районым щыпсэухэми я фІыщІэ зэрыхэлъыр. Апхуэдэу щыт пэтми, районым щыІэ Іэмал псори нэсу къэгъэсэбэпа хъууэ жыпІэфынукъым. Мыбы лэжьапІэншэу щатхахэр цІыху 1200-м нос. Ахэр ІэнатІэкІэ къызэрагъэпэщатэмэ, КъБР-м и бюджетым къыІэрыхьэ хэхъуэр нэхъыбэ зэрыхъунум къыдэкІуэу, социальнэ мыхьэнэшхуэ зиІэ къалэни дагъэкІынут - абыхэм я унагъуэхэр зыхэпсэукІын къыхузэрагъэпэщынут.

ЛэжьапІэншэхэр нэхъ мащІэ щІынымкІэ хэкІыпІэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ хьэрычэт Іуэху мыиным зегъэужьыныр. Абы и лъэныкъуэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым куэд щызэфІагъэкІ (къапщтэмэ, нэхъ къызэрыгуэкІыу налогхэр зрагъэт хьэрычэт лэжьакІуэхэм тралъхьэ ставкэр процентри 5-кІэ ягъэмэщІащ, хьэрычэт лэжьакІуэхэм банкхэм щІыхуэхэр къыщыІахкІэ шэсыпІэ иувэну сакъылэт фонд къызэрагъэпэщащ). Къэгъэлъэгъуапхъэщ 2009 гъэм республикэм ику иту щата лэжьапщІэр сом 10710-рэ хъууэ щытамэ, районым ар сом 8900-м зэрыщынэмысар.

Районым щалэжьауэ ятх щІэпхъаджагъэхэм я бжыгъэр нэхъыбэ зэрыхъуар къыхигъэщри, Чеченов Ануар жиІащ щІэпхъаджащІэхэм нэхъ ткІийуэ япэщІэтын зэрыхуейр, абы папщІэ къагъэсэбэп Іэмалхэмрэ хэкІыпІэхэмрэ зэрегъэфІэкІуапхъэр. Парламентым и УнафэщІым зэІущІэм хэтахэр къыхуриджащ районым, зэрыщыту республикэм я экономикэр къэІэтыным, цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІауэ властым и ІэнатІэ псори нэхъ жыджэру зэрызэдэлэжьэным хущІэкъуну.

«Инновацэм и ехъулІэныгъэхэр зи лъабжьэ лэжьэкІэщІэ зэ тегъэувэным, инвестицэхэр къызэщІэгъэуІуэным, шэч хэмылъу, республикэм и экономикэ зэфІэкІыр къиІэтынущ. Ауэ ди республикэм зэпІэзэрыту икІи шэщІауэ зедгъэужьыну дыхуеймэ, дэ гулъытэ хэха хуэ тщІын хуейщ ди школхэмрэ вузхэмрэ зэрыщрагъаджэр егъэфІэкІуэным, щІалэгъуалэр къэралым и еджапІэ нэхъыщхьэхэм, Европэм и бизнес школ нэхъыфІхэм щегъэджэным икІи иджырей менеджерхэр, финансистхэр, нэгъуэщІ ІэщІагъэхэм ирилэжьэнухэр гъэхьэзырыным. А гъуэгурщ ди республикэм и къэкІуэнур къызэзыгъэпэщынур», - жиІащ Чеченов Ануар. ЗэІущІэм хэтахэр абы къигъэгугъащ районым и зыужьыныгъэм хуэгъэзауэ жаІа псоми Парламентым и Президиумым и зэІущІэхэм зэрыщыхэплъэжынумкІэ, ахэр дэгъэкІыным зэрегугъунумкІэ.

Законодательствэр егъэфІэкІуэнымкІэ сэбэп хъуну апхуэдэ зэІущІэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и район псоми щрагъэкІуэкІынущ.

УРЫСМАМБЭТ Бэлэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-ІуэхущІапІэм и лэжьакІуэ.

Шынагъуэр нэсу къызэнэкІакъым

Хабзэм тетыныр

КъБР-м и прокурор Жариков Олег иригъэкІуэкІа пресс-конференцым зэпкърыхауэ щытепсэлъыхьащ нэгъабэ я лэжьыгъэм кърикІуахэм икІи абы кърихьэлІа журналистхэм я упщІэхэм жэуап иритащ.

Жариков Олег

2009 ГЪЭР щытыкІэр гугъуу, экстремизмэмрэ терроризмэмрэ ехьэлІа шынагъуэр нэсу къызэнэкІа мыхъуауэ екІуэкІащ. Республикэм и адрей хабзэхъумэ ІэнатІэхэми хуэдэу, КъБР-м и прокуратурэм и къарур нэхъ зыхуиунэтІахэм ящыщ терроризмэм, лъэпкъ зэпэщІэувэныгъэ къэзышэ эстремизмэ нэщэнэхэм, хабзэхъумэхэм я гъащІэм шынагъуэ ирагыным, зэщІэгъэуІуауэ ялэжь щІэпхъаджагъэхэм, коррупцэм ебэныным, цІыхухэм я конституцэ хуитыныгъэхэмрэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ хъумэным.

Республикэм и прокурор Жариков Олег зэрыжиІамкІэ, къызэднэкІа илъэсым щІэпхъаджагъэу ялэжьар процен ти 6-кІэ нэхъыбэщ, 2008 гъэм елъытауэ. Процент 27,5-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ ящІэу цІыху яукІыныр, ауэ апхуэдизкІэ хэхъуащ цІыхухэм я узыншагъэм зэран хуэхъуным, лей ехыным теухуауэ ялэжьхэр. БлэкІа илъэсым цІыху зыхэкІуэда гъуэгу насыпыншагъэу 47-рэ къэхъуащ, а бжыгъэр ипэ ита илъэсым 51-м нэсауэ щытащ. ЩІэпхъаджагъэхэм и зэхуэдитІым щІигъур щхьэзакъуэ мылъкум хуэгъэзащ.

Прокурорым къызэрыхигъэщащи, мыхъумыщІагъэу ялэжьыр наІуэ къэщІынымкІэ хабзэхъумэ ІэнатІэхэм я дежкІэ цІыхухэр щІэгъэкъуэнышхуэщ. Илъэс кІуам республикэм къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ и ІэнатІэхэм къаІэрыхьа хъыбархэм япкъ иткІэ, следователхэмрэ дознавателхэмрэ уголовнэ Іуэху 6195-рэ къаІэтащ.

Прокуратурэм и лэжьакІуэхэм сэтей къащІащ икІи учетым ягъэувыжащ, нэхъапэм ялэжьа, ауэ КъБР-м щыІэ МВД-м щхьэусыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ щамытха щІэпхъаджагъэ 690-рэ.

Псори зэхэту хабзэр мин 30-м щІигъурэ къызэпаудауэ къыщІагъэщащ. Прокурор къэпщытэныгъэхэм кърикІуахэм япкъ иткІэ, уголовнэ Іуэху 219-рэ къаІэтащ. Хуэдищ кІэ нэхъыбэ хъуащ балигъ мыхъуахэм я хуитыныгъэхэу зэфІагъэувэжар. Апхуэдэуи улахуэ щІыхуэм теухуауэ цІыхухэм зыкъызэрыхуагъэзахэри зэфІахащ.

ХьэрычэтыщІэхэм я хуитыныгъэхэмрэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ къыщхьэщыжын и лъэныкъуэкІэ хабзэр къызэпаудауэ процент 65-кІэ нэхъыбэ къыщІагъэщащ. Апхуэдэу щытми, къэрал, муниципальнэ къулыкъум, Іулъхьэ тын-къеІыхыным ебэныным ехьэлІа хабзэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъынымкІэ я лэжьыгъэм кърикІуахэм арэзы зэрытемыхъуэри къыхигъэщащ.

Республикэ прокурорым адэкІэ къигъэлъэгъуа бжыгъэхэм тепщІыхьмэ, дисциплинарнэ жэуаплыныгъэм къулыкъущІэ 418-рэ, административнэм - 174-рэ ирашэлІащ. Прокурор къэпщытэныгъэхэм япкъ иткІэ, коррупцэм ехьэлІа уголовнэ Іуэху 44-рэ къаІэтащ. Абыхэм я нэхъыбэм мылъку залымыгъэкІэ къыІэщІагъэкІыну хэтащ. Псалъэм папщІэ, суд-медицинэ экспертизэ бюрохэм ящыщ зым и унафэщІым сом мини 100 зыІэрагъэхьэну хущІэкъуащ, суд приставым сом мини 10-ри идэнут.

ЗэгъэуІуауэ зэфІаха лэжьыгъэм и фІыгъэкІэ зэхъуэкІыныгъэ мыІейхэри щыІэщ. Жариков Олег къызэригъэлъэгъуамкІэ, щІэпхъаджагъэ хьэлъэу ялэжьыр процентри 3,3-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ. Апхуэдэхэу республикэм сэтей къыщащІар процент 52,7-рэ мэхъу. Арами, цІыхухэр яхъунщІэным хуэгъэзауэ ялэжь щІэпхъаджагъэхэм хэхъуа мыхъумэ, ехакъым. 2008 гъэм апхуэдэу 84-рэ ялэжьамэ, нэгъабэ а бжыгъэр 147-м нэсащ. ІункІыбзэхэр якъутэурэ фэтэрхэм, щхьэзакъуэ псэупІэхэм зэрыщыдыгъуэр, псом хуэмыдэу автотранспорту ирахужьэр, Іэщу ядыгъур нэхъыбэ зэрыхъум зэригъэпІейтейри къигъэлъэгъуащ прокурорым. Транспорт, Іэщ дыгъуныр бзаджащІэхэм мылъку хэхыпІэ ящІащ. ХъунщІэным тегъэщІа щІэпхъаджагъэу ялэжьыр процент 75-кІэ нэхъыбэ хъуащ, апхуэдэ щІэпхъаджагъэ 54-р щалэжьым Іэщэ къагъэсэбэпащ.

Жариков Олег зэрыжиІамкІэ, а бжыгъэхэр щыхьэт тохъуэ хабзэр къызэпемыгъэудыным ехьэлІауэ лэжьыпхъэхэм теухуауэ республикэм къыщащта программэхэр нэщІысауэ зэрыщымытым.

- ІэнатІэхэр зэгъэуІуауэ зэдэлэжьэныр Іуэхур егъэфІэкІуэным и хэкІыпІэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ. Псом хуэмыдэу, дин экстремизмэм и шынагъуэр иджыри зэрыщыІэм еплъытмэ, хъыбархэмкІэ узэхъуэжэныр, зэгурыІуауэ, зэгъэуІуауэ Іуэхугъуэхэр егъэкІуэкІыныр ди зэманым къегъэув, - жиІащ прокурорым илъэсым кърикІуахэр къыщызэщІикъуэжым.

Апхуэдэуи республикэ прокурорым гулъытэншэу къигъэнакъым лъэпкъ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я пашэ языныкъуэхэм зэпэщІэувэныгъэм ухуэзышэнкІэ хъуну Іуэхугъуэхэр къызэраІэтыр. Абы къызэрыхигъэщащи, законым лъэпкъ зэхэгъэж иІэкъым, ар псоми я зэхуэдэщи абы тетын хуейщ. Лъэпкъ зэгурымыІуэныгъэрэ зэпэщІэувэныгъэрэ зезыхьэ жылагъуэ Іуэхузехьэхэм, ар сыт хуэдэ зэгухьэныгъи ирехъуи, хуадэнукъым.

Нэхъыщхьэр мамырыгъэрщ, блэкІамрэ къэкІуэнумрэ зэпэлъытауэ, акъыл хэлъу дэтхэнэ зы Іуэхуми бгъэдыхьэнырщ, хабзэм тетынырщ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Калимуллиныр «Кубань»-м макІуэ

Футбол

Краснодар и «Кубань»-м илъэсищкІэ хэтыну зэгурыІуэныгъэ иращІылІащ илъэс 25-рэ зи ныбжь гъуащхьауэ Калимуллин Рустем.

2008-2009 гъэхэм ар «Спартак-Налшыкым» щыджэгуащ. Налшыкдэсхэм яхэту абы зэІущІэ 41-рэ иригъэкІуэкІащ икІи топих и хьэрхуэрэгъухэм щахудигъэкІащ.

НэхъапэІуэкІэ краснодардэсхэм кІэлъыплъыну ираджащ ди лъахэгъухэу Къэжэр Назиррэ ДыщэкІ Аслъэнрэ. Абыхэм я Іуэхур зэкІэ зэхэкІакъым.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Совет Союзым, Урысейм я ЛІыхъужь шэрджэсхэр

Къардэн Уэхьид

ИЛЪЭС куэдкІэ тхылъымпІэхэм ягъэпщкІуауэ къэрал архивым хэлъащ ПсэукІэ-Дахэ къуажэм щыщ Къардэн Уэхьид Совет Союзым и ЛІыхъужь хъун хуейуэ къащта унафэр.

Школым физкультурэмкІэ щригъаджэу дзэ къулыкъум яшауэ щыта щІалэм и щхьэм щымысхьыжу Хэкур ихъумащ, ТекІуэныгъэм папщІэ и псэр итащ.

НэгъуэщІу жыпІэмэ, шуудзэм и пулеметчикым езым и щхьэр игъэтІылъри, и зэуэгъухэр ажалым къригъэлащ, я гупыр къэухъуреихьыныгъэм кърагъэкІыжащ. Абы щыгъуэм сэлэтхэм я пащхьэ къыщыжаІащ адыгэ щІалэм лІыгъэу зэрихьар зэрыгъунэншэр.

Дауэ щытами, захуагъэр и щІыІу къэхъужащ. ТекІуэныгъэр илъэс 50 щрикъум ирихьэлІэу Къардэн Уэхьид Урысейм и ЛІыхъужь цІэ лъапІэр къыфІащащ.

Къардэн Уэхьид и фэеплъ сынышхуэ ПсэукІэ-Дахэ дэтщ, абы и цІэр зэрахьэ къуажэ уэрамхэм.

Къардэн Мурат

ЗАУЭР зэрекІуэкІым теухуауэ 1944 гъэм мэкъуауэгъуэм и 21-м къата хъыбархэм мыпхуэди къыхэхуат: "Онегэ, Ладогэ гуэлхэм я зэхуакум ди зауэлІхэр щебгъэрыкІуэри, Свирь псым и Іуфэм деж бийм и быдапІэр зэпатхъащ, абы хьэлэчыр халъхьащ, Іэщэ куэд къытрахащ, сэлэт, офицер мащІэкъым гъэр ящІар, къуажэхэр хуит къащІыжащ".

РадиокІэ къэІуа а хъыбар гъущэм и къуагъым къуэлъыр совет зауэлІхэм я лІыгъэ, гуеигъэ, цІыху гъащІэ мащІэтэкъым. А зэхэуэ гуащІэм хэтащ адыгэ щІалэ Къардэн Мурат. Абы щыгъуэм ар гвардием и сержант нэхъыжьт, фочауэ взводым и унафэщІт. Абы и гупым къылъысат нэхъ къалэн гугъу дыдэр. Псы, шэд защІэу километр тІощІ жэщым зэпичу бийм и быдапІэм екІуэлІэн, абдеж ди дзэр ипэкІэ зымыгъакІуэ Іэщэ бзаджэхэм я щытыпІэр зэхакъутэу, дэІэпыкъуэгъухэр ялъэІэсыху щІынальэм къыхэщ Іуащхьэр яІыгъын хуейт.

Ар Къардэным зэрыхузэфІэкІа щІыкІэр къыщигъэлъэгъуащ фочауэ дивизэм и унафэщІ Харазие Гиви и рапортым:

"Свирь зэпрыкІыныр даущыншэу къызэфІигъэкІащ Къардэным икІи зэрымыщІэкІэ абы и гупыр бийм тезэрыгуэри, и быдапІэ нэхъыщхьэхэр къищтащ, куэдкІэ къебэкІ фин сэлэтхэм ІэпщэрыбанэкІэ яхыхьэри, яхуэукІыр яукІащ, ямыукІахэри гъэр къащІащ. СыхьэтитІкІэ Къардэным и взводым быдапІэр иІыгъащ, нэхъапэ ялъэІэса, езыр зыхэт ротэм и командирыр къыщаукІым, абы и пІэм иувэри, зауэлІхэр игъэгушхуэу финхэм лъэрыщІыкІыр яхилъхьащ, абыхэм икІуэтыпІэ яримытыжу къиухъуреихьри, дяпэкІэ къапэмыувыжыфын ящІащ. Къардэн Мурат Іэсхьэд и къуэм зэрихьа лІыгъэшхуэм папщІэ хуэфащэщ Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэр".

ЛІыхъужьым и Вагъуэмрэ Ленин орденымрэ Къардэн Мурат Калинин Михаил Кремлым къыщритащ.

ВакІуэ-Жылэ къуажэм къыщыхъуа щІалэр зэрыцІыкІу лъандэрэ жану, хэлъэт иІэу щытащ. Илъэс пщыкІутху ирикъуа къудейт абы лэжьэн щиублам.

1939 гъэм дзэ къулыкъум яшэри, зауэм и кІэм уІэгъэ хьэлъэ хъууэ къыхэкІыжыху, бий бзаджэм пэщІэтащ. Ар хэтащ Халхин-Гол деж щекІуэкІа зэхэуэшхуэми. Абы щыгъуэм автомашинэр зэригъэкІуэфу зригъасэри, топышэхэр яхуІуишащ. Мурат щеджащ шуудзэ, инженер училищэхэми.

Дэнэ щыІами, жаныгъэрэ

лІыгъэрэ къигъэлъагъуэ зэпытащ.

Контузие хъуауэ сымаджэщым щІэлъ Къардэн Мурат "Советская гвардия" газетым очеркышхуэ тритхыхьауэ щытащ (1944 гъэ, шыщхьэІу). Абы итт: «Ди Мурат Совет Союзым и ЛІыхъужьщ. А хъыбарым щымыгуфІыкІа къахэкІагъэнкъым ар зыхэта, зыцІыхуу щыта зауэлІхэм, хуэфащэ дыдэщ а щІалэ гуейм а щІыхьыр».

АдэкІэ зауэ мыхъужыну къалъытэри, Къардэныр дзэм къыхагъэкІыжауэ ТекІуэныгъэ Иныр къэтхьащ. Хэкум къигъэзэжри, унафэщІ ІэнатІэ зэхуэмыдэхэр иІыгъыурэ къекІуэкІащ. Мурат 1991 гъэм дунейм ехыжащ, ауэ абы и цІэр игъащІэкІэ тхыдэм къыхэнащ.

Хьэбэч Умар

ХЭКУ зауэшхуэр иухыу илъэс 45-рэ дэкІыжауэщ капитан, батальоным и командир Хьэбэч Умар къыщылъысыжар лъырэ и гъащІэмрэкІэ къихьа ЛІыхъужьыцІэр. 1990 гъэм дыгъэгъазэм и 11-м Совет Союзым и Президент Горбачев Михаил къыдигъэкІа унафэмкІэ щІигъэбыдыхьыжа къудейщ апхуэдиз илъэскІэ тхылъыншэу, ауэ хьэкъыпІэкІэ хуэфащэу Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэ лъапІэу адыгэлІым къихьар.

Апхуэдиз илъэскІэ Венэ къалэкум ит фэеплъ сыным капитан Хьэбэчыр Совет Союзым и ЛІыхъужьу тетхауэ щытами, зыхуэзэуа къэралым абы хуэфащэр лъигъэсыжатэкъым.

ГъуащагъэкІэ тратхауэ пІэрэ ар? Щхьэ лІыхъужь щыхъуам унафэ къыдэмыкІарэ адыгэлІ гуейм теухуауэ?

А упщІэхэм псэхугъуэ кърататыртэкъым партым и Къэрэшей-Шэрджэс обкомым и етІуанэ секретару щыта Темыр Умар. Абы мурад ищІащ Хьэбэч Умар и лІыхъужьыгъэм и пэжыпІэр зэхигъэкІыну. Дэни щыщІэ упщІэу, щылъыхъуэу щІидзащ. Абы зригъэщІащ Хьэбэчыр 1921 гъэм Ботэщей (иджы Малэ Зеленчук) къызэрыщалъхуар, Черкесск педучилищэр къиухыу Карачаевск къалэм дэта институтым зэрыщеджэжар, Алий-Бэрдыкъуэ къуажэм егъэджакІуэу зэрыщылэжьар, 1939 гъэм къулыкъум зэрашар, 1941-1943 гъэхэм уІэгъэ хьэлъэ зэрыхъуар, 1944 гъэм и шыщхьэІу мазэм "Александр Невский" орденыр къызэриратар, капитан, батальоным и командир зэрыхъуар, зэрыхэкІуэдар.

Темырым мурад ищІащ щІалэм и щІыхьыр зэфІигъэувэжыныр Венэ къалэмкІэ къыщІидзэну. Абы ежьэным ипэкІэ, Хьэбэчым и анэ Гъагъэ хуэкІуащ. Бзылъхугъэ тхьэмыщкІэр гъыуэ хадэм ихьэри, щІыгу ІэмыщІэ кърихащ: "Мыр си щІалэм и кхъащхьэм схутекІутэ", - жиІэри.

Темырыр Венэ зэрынэсу, ди дзэ атташеуэ Австрием щыІэ полковник Юмашев Михаил зыхуигъэзащ.

- Хьэбэч Умар и хэкуэгъу Венэ къэкІуауэ австрийцхэм къащІэмэ, уаІэтынущ. Абы и хэкІуэдэкІар куэдым ящІэ икІи ягъэлъапІэ, щхьэхуит къэзыщІыжа лІыхъужьу къалъытэри, - жиІащ Юмашевым.

Абы гъэщІэгъуэн дыдэ щыхъуащ а зауэлІ хъыжьэр Совет Союзым и ЛІыхъужьхэм иджыри къыздэсым зэрахэмытыр. Шварценберг утым ику дыдэм ит сыным тетхат Сталин Иосиф и унафэр. ТІощІрэ ещанэу абы къыщыгъэлъэгъуат Совет Союзым и ЛІыхъужь, гвардием и капитан Хьэбэч У. Хь.

Венэ тхылъ куэд щызэхуихьэсауэ Темыр Умар къигъэзэжри, иужь икІакъым Хьэбэчым и щІыхьыр зэфІимыгъэувэжу. Аращ зи фІыщІэр апхуэдиз илъэс дэкІыжа нэужь лІыхъужьыр и пщІэр зэригъуэтыжар.

Зауэр иухыным махуэ бжыгъэ нэхъ къэмынэжауэ Умар Венэ къалэ щыхэкІуэдащ.

ИужькІэ къызэрыщІэкІыжамкІэ, Хьэбэч Умар тІэунейрэ хуагъэфэщауэ щытащ Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэ лъапІэр. Япэм Карелием щекІуэкІа зэхэуэшхуэм (1944 гъэ), етІуанэу Венэ хуит къыщащІыжым. Псалъэм къыдэкІуэу жытІэнщи, Хьэбэчым и батальоным хэтущ Къардэн Мурат Совет Союзым и ЛІыхъужь зэрыхъуар.

ИкІэм-икІэжым Умар щІыхьыцІэр зэригъуэтыжам щыгуфІыкІащ и лъэпкъри, адыгэ псори. Къэрэшей-Шэрджэсым и цІыхубэ тхакІуэ Брат Хьэбас "Хахуэм и вагъуэр ужьыхкъым" фІэщыгъэцІэ иІэу абы тхылъ хьэлэмэт тритхыхьащ, полковник Нежинский Валентинрэ журналист Адзын Мухьэмэдрэ "У ахътынщэм и гъуэгу" зыфІаща документальнэ повестри къыдагъэкІащ.

Совет Союзым и ЛІыхъужь Хьэбэч Умар и цІэр Хьэбэз районым и къуажэ уэрам нэхъыщхьэхэм, зыщеджа педучилищэм зэрахьэ, и фэеплъ сыни Ботэщей дэтщ.

ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд.

Прохладнэ куей

Къуажэдэс щІалэгъуалэм ядолажьэ

Прохладнэ куей администрацэм щІалэгъуалэ Іуэхухэмрэ спортымкІэ и къудамэм иджыблагъэ щекІуэкІащ къуажэдэс щІалэгъуалэм хэкъузауэ ядэлэжьэным теухуа зэІущІэ. Мыбы щытепсэлъыхьащ япэ игъэщыпхъэ Іуэхугъуэ зыбжанэм.

АБЫХЭМ ящыщщ зэчий зыбгъэдэлъ ныбжьыщІэхэм ядэлэжьэныр. Мыбы ехьэлІауэ ягъэхьэзыращ программэ щхьэхуи. ЗэІущІэм щагъэбелджылащ мы илъэсым куейм и щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм къапэщылъ къалэнхэр.

2010 гъэр егъэджакІуэм и илъэсу ягъэуващ, къымыдэІэ, Хэку зауэшхуэм ди къэралым ТекІуэныгъэр зэрыщ илъэс 65-рэ ирокъу. Абыхэм гулъытэ хэха хуащІыну. ЩІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэр зауэм и ветеранхэмрэ абы хэкІуэдахэм я щхьэгъусэхэмрэ псэуныгъэ и лъэныкъуэкІэ ядэІэпыкъунущ.

Зэгухьэныгъэм хэтхэр районым ит курыт школхэм, щэнхабзэмкІэ унэхэм кууэ ядэлэжьэнущ. Абыхэм зэгъусэу ирагъэкІуэкІынущ нобэ щІалэгъуалэр зыгъэпІейтей фадэм, афияным, щІэпхъаджагъэм ебэнын зэрыхуейм теухуа «стІол хъурей» щапхъэм ит псалъэмакъхэр, ныбжьыщІэхэм дерс щхьэпэ къызыхахыну еджэныгъэхэр, къыдэкІуэтей щІэблэр хэкупсэу къэгъэхъуным теухуа нэгъуэщІ Іуэху щхьэпэхэр. Абыхэм зэрызэдэлэжьэну щІыкІэр школ унафэщІхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ я гъусэу иджыпсту щыщІэдзауэ яубзыху.

Къуажэдэс щІалэгъуалэм зэрадэлэжьэнум хеубыдэ ахэр жылагъуэ Іуэхухэм хэшэныр, спортым, щэнхабзэм дегъэхьэхыныр, зэхуэдэныгъэ... гулъытэ ябгъэдэлъхьэныр.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

Уи щІалэгъуэмэ, щымахуэр дахэмэ... *Сурэтыр* **ЮЗУБ Валерие** *трихащ.*

Зы ІэнатІэм - цІыху гъащІэм хуэдизынкІэ

ДифІ догъэлъапІэ

Гурэ-псэкІэ къыхиха ІэщІагъэм лІэщІыгъуэ ныкъуэм щІигъукІэ хьэлэлу пэрытащ Сэбэнокъуэ Щамел.

ЩАМЕЛ къыщалъхуар республикэ псом цІэрыІуэ щыхъуа еджагъэшхуэ, дохутыр, тхакІуэ, зэфІэкІ зиІэ цІыху куэд къызыдэкІа, Лэскэн районым и къуажэ нэхъ ин дыдэу ябж Аргудан жылагъуэрщ. Ар гъащІэм и ІэфІри и дыджри къанэ щымыІэу зыхэзыщІа цІыхущ. Абы и адэ-анэр пасэу зэрыфІэкІуэдам къищынэмыщІа, и сабиигъуэри Хэку зауэшхуэм хиубыдат.

Гугъуехьым ипсыхьа Щамел школыр къиухри, Налшык медучилищэм щІэтІысхьащ. Медицинэ ІэщІагъэ зригъэгъуэтри, Лэскэн къуажэ сымаджэщым лэжьэн щыщІидзат, ауэ мазэ фІэкІ мылэжьауэ, ІэщІагъэлІ ныбжьыщІэм и къалэнхэр пылъхьэншэу зэрызэфІигъэкІым гу къылъатэри, Урыху къуажэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэм и къуэдзэ ІэнатІэр къыхуагъэфэщащ. ИлъэситІкІэ а лэжьыгъэм пэрыта нэужь, дзэм къулыкъу щищІати, абыи фельдшерущ зэрыщыІар. Щамел офицеру къигъэзэжащ. Сэбэнокъуэм и лэжьыгъэм щыпищащ и къуажэжьым.

- А зэманым сабий сымаджэхэм гулъытэ нэс зэрыхуамыщІыр къэслъытэри, сылъэІуащ ди сымаджэщым сабийхэм щеІэзэ къудамэ къыщызэІуахыну, - жеІэ Сэбэнокъуэм. - Абы илъэсищкІэ сыщылэжьа нэужь, Къэхъун къуажэм дэт район сымаджэщым и зы къудамэр ди деж къахьри, абы щыпысщащ. Иужьрей илъэсихым фельдшер ІэнатІэм сыпэрытащ.

Абыхэм къадэкІуэу, Щамел жылагъуэ лэжьыгъэхэми жыджэру хэтащ, сымаджэщым и профкомым и унафэщІ къалэныр игъэзэщІащ илъэс 40-м щІигъукІэ. И лэжьэгъухэм ноби ящыгъупщэркъым абы махуэшхуэхэр гъэщІэгъуэну, гукъинэжу къызэригъэпэщу зэрыщытар. КъищынэмыщІауэ, колхозымрэ курыт еджапІэхэмрэ дружинэхэр щигъэхьэзырурэ, зэпеуэхэм ишэу икІи и гъэсэнхэм сыт щыгъуи япэ увыпІэхэр къыхуагъэфащэу щытащ.

- Зи ІэщІагъэм хуэІэижь, гудзакъэ зиІэ дохутыр куэдым садэлэжьащ сэ. Абыхэм ящыщ языныкъуэхэр къызэрытхэмытыжыр си жагъуэ мэхъу. Ауэ си лэжьэгъуу щытахэм ящыщ иджыри жэуаплыныгъэ ин яхэлъу ІэнатІэм зэрыпэрытым срогуфІэ, - жеІэ Щамел. - Псалъэм папщІэ, апхуэдэщ ди къуажэ сымаджэщым дохутыр нэхъыщхьэу щыІа, мы зэманым Налшык щылажьэ Лъэпщокъуэ Хьэжысмел, хуабжьу сахуэарэзыщ зи ІэщІагъэм хуэІэижьхэу УнэлІокъуэ Борис, Джэдгъэф Хьэжмурат, Урыс Иринэ, Къущхьэ Инессэ, Къумыкъу Алинэ, Іэрэмысэ Замирэ сымэ.

Щамел ибзыщІакъым иужьрей зэманым сымаджэхэр зыхуэныкъуэ дохутыр Іуэхутхьэбзэхэр зыІэрыбгъэхьэныр нэхъ гугъу зэрыхъуар игу къызэреуэри. «Языныкъуэ хущхъуэхэр нэпцІщи, цІыхухэм сэбэп яхуэхъужыркъым, - жеІэ абы. - ИтІанэ, нэхъ пасэм дэ дызэрылэжьам хуэмыдэжу, дохутыр куэдыр ахъшэм дихьэхри зэІигъэхьауэ, сымаджэхэм я узым нэхърэ я щхьэ Іуэхур ягъэнэхъапэ».


Сэбэнокъуэ Щамел

Сэбэнокъуэ Щамел и лэжьэкІэр гулъытэншэу къагъэнакъым: КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм ЩІыхь тхылъ мызэ-мытІэу къыхуигъэфэщащ, 1979 гъэм абы и сурэтыр илъащ ЩІыхь пхъэбгъум, щытхъу тхылъ куэд кърататащ.

Сэбэнокъуэм теухуа псалъэ гуапэ куэд къызжаІащ абы и лэжьэгъуу щытахэм:

- Щамел медицинэмкІэ щІэныгъэшхуэ зиІэ цІыхущ. Гупым сакъыщыхыхьагъащІэм сызэчэнджэщу сиІар аращ. Щамел дигъэІущу, къыддэІэпыкъуу къэгъуэгурыкІуащ, - къызжиІащ Джэдгъэф Хьэжмурат. - Иджы пенсэм зэрытІысыжрэ куэд щІакъым, и лэжьэгъуу щытахэм ар фІыуэ долъагъу икІи дыхуэарэзыщ. Щамел сыт хуэдэ Іуэху диІэми къыдогъэблагъэ, дыкІуэурэ долъагъу, езыри къыткІэлъокІуэ. Ди лэжьэгъуу щыта цІыху гу къабзэм, Іущым сыт хуэдэ псалъэ гуапэри хуэфащэщ. Узыншагъэ, бын гуфІэгъуэ щымыщІэу куэдрэ Тхьэм игъэпсэу!

- Щамел и цІыхугъэр япэ иту, цІыху пэжу, жьыми щІэми зыкъыддригъэкІуу гупым къыххэтащ. ЩІэныгъэфІ зиІэ, сыт и лъэныкъуэкІи зызыужьа цІыхути, нэхъыщІэхэр дигъасэт, диущийт, сымаджэхэр къыхуэарэзыт. Дэри а нэхъыжьыфІым щапхъэ зэрытетхыным яужь дит зэпытт, - пещэ Джэдгъэфым и псалъэхэм Къэжэр Людмилэ. - Илъэс куэдкІэ профсоюз лэжьыгъэшхуэ иригъэкІуэкІащ. Сыт хуэдэ Іуэху зэІумыбзкІэ и лэжьэгъухэр дыбгъэдыхьэми, ар зэфІихынут. Апхуэдэу гуапэу къытхэта ди лэжьэгъур гупым куэдрэ фІыкІэ дигу къокІыж, дымылъагъумэ, дыхуозэш.

Мы гъэм зи ныбжьыр илъэс 80 ирикъуа Щамел бын гуфІэгъуэ щымыщІэну, узыншагъэ иІэу куэдрэ псэуну ди гуапэщ!

БЖЬЫХЬЭ Розэ.